



## Reimajine admisyon elèv

Chè Nouyòkè:

Mwen kontan anpil pou pataje avèk ou jodi a kèk amelyorasyon nou fè nan pwosesis admisyon nou an pou lekòl presegondè ak lekòl segondè. Sa a se ye yon priyorite pou mwen depi m te kòmanse kòm Chanselye, epi mwen te vle asire nou te tande kominote nou an dabò konsènan kote amelyorasyon nan sistèm aplikasyon an te pi nesèsè. Biwo Enskripsyon Elèv (Office of Student Enrollment, OSE) nan prentan pase a te òganize yon seri vizit pou tande kòmantè sou admisyon (Admissions Listening Tour), ki te gen ladan plis pase 30 reyinyon avèk paran, elèv, lidè lekòl, estaf ak gwoup kominotè.

Après nou te konsantre sou amelyorasyon yo dapre kòmantè sa yo.

Mwen espere ou twouve chanjman sa yo itil epi yo bay repons ou te atann. Gwo priyorite yo se:

- Rann pwosesis la pi senp pou fanmi yo aplike nan lekòl yo renmen.
- Pou kòmanse pwosesis la bonè ak asire fanmi yo gen tan ak enfòmasyon yo bezwen.
- Pou asire elèv ki byen pèfòme nan salklas la nan edikasyon yo, yo ba yo priyorite nan lekòl segondè akselere onivo akademik sa yo ki gen evalyasyon pou admisyon, pou yo ka ranfòse siksè yo kòm elèv lekòl segondè. Nou vle rekonpanse ekselans akademik atravè pati sa a nan pwosesis admisyon an.

“Mwen rekonesan anvè fanmi, edikatè, ak manm kominote yo ki te pataje kòmantè yo epi ki te ede kreye pwosesis nouvo ak efikas sa a. Yonn nan kat pilye pou bati konfyans nan lekòl leta Vil Nouyòk nou yo se “Angajman fanmi pou yo vin vrè patnè”, epi pilye sa a se fondasyon plan sa a. Nou pral kontinye angaje ak tandè, epi nou pral kontinye travay pou fè li pi fasil pou fanmi jwenn enfòmasyon sou lekòl nou yo.

Pou di laverite, gen plizyè santèn lekòl k ap byen pèfòme, ki gen gwo demand nan vil nou an ke yo pa pale sou yo ase nan deba sou admisyon selektif pou lekòl segondè. Nou vle pale plis sou seri lekòl segondè konplè k ap sèvi fanmi nou yo ak ede rakonte istwa lekòl yo pa konnen k ap fè gwo travay nan konekte avèk fanmi ak elèv. M ap tann pou fè sa avèk ou pandan ane lekòl la. Pou kòmanse, [men yon lis lekòl](#)—ni sa ki fè evalyasyon ni sa ki pa fè evalyasyon— reprezante sèlman yon ti pati nan bon kalite anviwònman edikatif, divès ki disponib pou elèv Vil Nouyòk yo. Menmsi lis la pa konplè, nou espere li montre nan chak kominote gen bon jan opsyon pou jèn.

Nou konsantre tou sou kreyasyon plis bon kalite pwogram ki gen gwo demand nan chak katye. Epi jodi a, nou te anonse nou pral ouvri twa nouvo lekòl segondè ki gen aprantisaj akselere, ki fè evalyasyon. Yo pral ouvri pandan de pwochen ane k ap vini yo, nan twa pati defavorize vil la: South Bronx, Brownsville/East New York nan Brooklyn, ak Southeast Queens. Nou pral pataje plis detay nan semèn k ap vini yo sou nouvo lekòl sa yo.

Mèsi poutèt ou fè pati lekòl leta Vil Nouyòk yo. Ansanm, nou ka fè lekòl nou yo bay repons ki reflekte espwa ak rèv nou pou timoun ou yo. Sa a se yon pa nan direksyon sa a epi nou kontan anpil pou trajè k ap tann nou pi devan.

Plane wo,  
David